

NGRUMAT LAYON ING DESA TANJUNG MAGETAN

(Tintingan Wujud, Makna lan Piguna)

Intan Primasti Purnamasari, Dra. Sri Sulistiani, M.Pd

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

In_chanz@yahoo.com

Abstrak

Ngrumat Layon minangka salah sawijine tradhisi kang kudu ditindakake dening masyarakat Desa Tanjung Magetan. Sejatine Ngrumat Layon minangka ajaran Islam kang wis mbalung sunsum ing masyarakat Jawa. Ajaran Islam kasebut banjur manunggal karo adhat istiadhat Jawa nuwuhake makna simbolis tartamtu sing wigati kanggo diteliti.

Undheran sajroning panaliten iki yaiku: (1) kepriye tatalaku lan makna kang kinandhut sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan, (2) apa wae ubarampe lan makna simbolis sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan, (3) apa piguna kang kinandhut sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan.

Tujuwan saka panaliten iki yaiku: (1) njlentrehake tatalaku lan makna kang kinandhut sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan, (2) njlentrehake ubarampe lan makna kang kinandhut sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan, (3) njlentrehake piguna kang kinandhut sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan.

Paedah saka panaliten iki yaiku: (1) bisa kanggo nambah wawasan sajroning piwulangan Jawa ngenani agama, tradhisi, budhaya, lan adhat istiadhat, (2) bisa nggugah panliti liyane, supaya nindakake panliten kang luwih jero ngenani Ngrumat Layon. Konsep teori kang cundhuk kanggo ngudhari masalah kang tinemu ing panaliten iki yaiku: (1) konsep kabudhayan, (2) Konsep Upacara Adhat, (3) konsep foklor, (4) konsep fungsi, (5) konsep simbol lan semiotik, (6) konsep semiotik. Lelandhesan teori kang digunakake kanggo nintingi wujud Tradhisi Ngrumat Layon nggunakake teori wujud Bruvand, kanggo nintingi makna Tradhisi Ngrumat Layon nggunakake teori simbol Pierce, sarta kanggo nintingi piguna Tradhisi Ngrumat Layon nggunakake teori piguna Bascom lan Dundes.

Panaliten ngenani Ngrumat Layon iki nggunakake ancangan deskriptip kualitatif. Dhata ing panalitian iki awujud dhata lesan lan dhata barang. Dhata lesan arupa tembung, frase, ukara lan wacana asiling wawancara karo informan. Dene dhata barang arupa gambar utawa hasil dokumentasi saka tatalaku lan ubarampe Tradhisi Ngrumat Layon. Dhata kasebut diklumpukake kanthi metode lan teknik observasi, wawancara, sarta dokumentasi. Tatacara analisis dhata ing panaliten iki nggunakake *open coding*, *axial coding* lan *selective coding*.

Asiling panaliten yaiku: (1) ngandharake tatalaku Ngrumat Layon ing desa Tanjung Magetan. (2) makna simbolis sajrone tatalakune yaiku, kabar layon kanggo weneh kabar marang sanak kadang, ngedusi layon ngemu makna kanggo ngesiki rereget kang asipat nyata lan ghaib, ngulesi layon yaiku proses kanggo nutup perangan aurat, nyolati layon wajib ditindakake, budhalan layon minangka tahap sing paling akeh ngemu makna simbolis, ngubur layon yaiku tahap sing paling pungkasan. (3) makna simbolis ubarampe godhong kelor, dhimar, dupa, beras sawur, degan ijo, jenang sengkala, kembang rasulan yaiku sarana persembahan syukur marang Gusti Pangeran.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Manungsa yaiku makhluk sing paling mulya saka sakabehing makhluk kang cinipta dening Gusti Kang Kuwasa. Diarani mangkono jalaran manungsa nduweni kaluwihan kang beda, kang ora diduweni dening makhluk liyane. Kaluwihan kasebut yaiku kanugrahan arupa akal saengga manungsa bisa dibedakake karo makhluk liyane kayata kewan. Saka sakabehing jinis makhluk ciniptane Gusti Kang Kuwasa, mung manungsa wae sing bisa nyipta lan nduweni budhaya. Iki jalaran manungsa nggunakake akal kanggo mikir kanthi *logika*, mula budhaya bisa dicipta.

Wujud kabudhayan diperang dadi telu yaiku: (1) wujud idheal yaiku wujud kabudhayan minangka komplek saka idhe-idhe, gagasan-gagasan, nilai-nilai,

norma sarta paugeran sistem sosial, yaiku pepingine manungsa kanggo nindakake kagiyatan kanthi cara bareng-bareng, (3) kabudhayan fisik ngemot piranti utawa obyek fisik asil karyane manungsa kayata omah, gedhung, kantor, dalan, jembatan lan mesin. Mula saka iku manungsa nduweni pamawas kabudhayan iku sipate estetis, unik lan narik kawigatene kanggo disinau.

Kabudhayan dhaerah kang minangka kabudhayan suku bangsa paling dominan ing sawijining dhaerah nduweni cacah kang akeh banget. Salah sawijine wujud kabudhayan dhaerah kang isih ana lan diuri-uri ing nusantara yaiku kabudhayan Jawa. Sukarman (2005:34-35) nerangake yen kabudhayan Jawa minangka ekspresi, cipta, rasa lan karsaning masyarakat Jawa kang dituduhake ing saperangan wujud lan aspek. Kabudhayan Jawa dening Koentjaraningrat (1984:25-28) diperang dadi lima yaiku kabudhayan Banyumas sing wilayahhe ana

ing dhaerah kraton Solo lan kraton Yogya, kabudhayan Pesisir sing wilayahhe ana ing pesisir Jawa sisih lor (Indramayu, Cirebon Kulon nganti Gresik Wetan), kabudhayan Mancanegari sing wilayahhe ana ing Madiun, Kediri lan dhaerah delta Kali Brantas, sarta kabudhayan Sabrang Wetan sing wilayahhe ana ing sawetane kabudhayan Mancanegari.

Masyarakat Jawa nduweni cara dhewe-dhewe kanggo mengeti kabeh prastawa kang wigati nalika urip ing donya. Awit lair nganti mati, masyarakat Jawa nduweni cara unik lan ora lumrah. Upacara adhat salah sijine cara kanggo mengeti prastawa wigati iku. Upacara adat minangka wujud tradhisi masyarakat Jawa kang kanthi saiki isih dilaksanakake dening masyarakat panyengkuyunge, nduweni peran kanggo ngelingake manungsa marang *eksistensi* lan sambung rakete tumrap lingkungan masyarakat. Upacara-upacara kasebut isih diakoni lan dilaksanakake kanthi apik, ananging ana wujud utawa cara kang beda saka asale.

Wujud upacara adhat kang nganti saiki isih dilaksanakake masyarakat Jawa, mligine Jawa Timur yaiku upacara Ngrumat Layon. Upacara Ngrumat Layon yaiku salah sawijine upacara kang dilaksanakake kanggo ngrumat mayit awit tiba geblake nganti dikubur. Ana tata rakit lan ubarampe kang unik utawa ora lumrah sing bisa narik kawigaten lan perlu dimangerteni dening masyarakat Jawa uga masyarakat saliyane. Upacara iki ora bisa uwal saka sistem religi warga Desa Tanjung Magetan. Ngrumat Layon minangka wujud pakhormatan sanak kadang marang wong kang wis tinggal donya. Desa Tanjung manggon ing Kabupaten Magetan Jawa Timur, mula saka iku masyarakat ing Desa Tanjung kagolong Masyarakat Jawa. Kaya dene masyarakat Jawa liyane ing umume, masyarakat tanjung uga nindakake ritual-ritual adhat Jawa, sanajan tradhisi kang dilaksanakake wis akeh sing owah saka asale lan ora manut aturan-aturan adhat Jawa samesthine.

Tradhisi iki narik kawigaten kanggo diteliti saengga nyengkuyung panliti nindhakake panaliten, perangan-perangan kang nyengkuyung panaliten iki ditindakake yaiku durung ana panaliten sadurunge kang nлити babagan Tradhisi Ngrumat Layon kanthi wujud skripsi Mahasiswa Unesa, tradhisi iki amung ana ing dhaerah Jawa Timur. Upacara kasebut minangka wujud pangageman marang nilai-nilai budhaya leluhur kita.

Underane Panliten

Kanthi lelandhesan panaliten kang wis kajlentrehake kasebut, bisa didudut masalah kang bakal diandharake panliten yaiku:

- (1) Kepriye tatalakulan apa maknane Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan?
- (2) Apa wae ubarampe lan makna simbolis sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan?
- (3) Apa piguna kang kinadnut sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan?

Ancase Panliten

Tujuwan panaliten Upacara Brobosan ing Desa Tanjung Kecamatan Bendo Kabupaten Magetan yaiku:

- (1) Ngandharake tatalakulan makna Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan.
- (2) Ngandharake ubarampe lan makna simbolis sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan.
- (3) Ngandharake piguna kang kinandut sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan.

Paedahe Panliten

Panaliten iki dikarepake bisa menehi paedah, yaiku:

- (1) Panaliten iki diakrepake bisa kanggo nambah wawasan sajroning piwulangan Jawa ngenani tradhisi, budhaya, lan adat istiadat.
- (2) Panaliten iki dikarepake bisa nggugah panliti liyane, supaya nindakake panaliten kang luwih jero ngenanii Tradhisi Ngrumat Layon.

Watesane Tetembungan

Sajrone panaliten iki supaya ora uwal lan trep karo konsep kang wis tumata, mula nduwe wewatesane panliten yaiku:

- (1) Tatalaku Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan.
- (2) Ubarampe lan makna sajroning Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panaliten Saemper

Panaliten tumrap “Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan” durung ana kang nлити, nanging wis ana sawijining upaya kang ditindakake sajroning panulisan skripsi kang uga nлити ngenani kabudhayan kayata: dening Peny Estyana Dewi (2006) kanthi irah-irahan “Upacara Tradhisi Ceprotan ing Desa Sekar Kecamatan Donorejo Kabupaten Pacitan.

Dhasare kajian kang ditindakake dening Peny Estyana Dewi padha karo kajian kang arep diterapake sajroning panaliten kabudhayan “Tradhisi Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Kecamatan Bendo Kabupaten Magetan” iki, nanging yen dideleng saka objeke wis katon beda. Perangan iki cetha mesthi asil panliten uga beda.

Panaliten saemper kang ngrembug babagan budhaya wis ana. Kayata Sri utami kanthi irah-irahan upacara Ledhug Sura ing Kabupaten Magetan (Tintingan wujud, Makna lan Fungsi). Saliyane iku uga ana panaliten dening Ari Eka Setya Wulandari kanthi irah-irahan Unsur Simbolis Dalam Upacara Adat “Ulur-Ulur Telaga Buret”.

Kang mbedakake panaliten iki karo liyane yaiku obyek kang ditintingi beda lan nggunakake teori kang beda, saengga ngasilake panliten kang uga beda, luwih jangkep wiwit saka asal-usul, tata rakiting adicara nganti makna lan fungsine. Obyek kang ditintingi ing panliten iki yaiku tata rakiting, uba rampe lan aspek owah-owahan budhaya.

Kabudhayan

Tembung kabudhayan asale saka basa Sansekerta *buddhaya*, wujud jamak saka *buddhi* kang nduweni teges ‘budi’ utawa ‘akal’. Dadi kabudhayan minangka bab kang nduweni gegayutan karo budi utawa akal. Saliyane iku, ana ahli liya kang nyebutake yen kabudhayan asale saka pangrembakane tembung *budi-daya*, kang tegese ‘daya saka budi’, mula budhaya dibedakake saka kabudhayan.

Budhaya ditegesi minangka dayaning akal arupa cipta, rasa lan krasa, dene kabudhayan minangka asil saka cipta, rasa lan karsa (Koentjaraningrat, 1980:181). Ing kene tembung budhaya mung digawe kanggo nyethakake tembung kabudhayan kanthi teges kang padha. Dadi kabudhayan bisa ditegesi sakabehing sistem pamikiran, tumindak lan asil gaweyane manungsa sajroning urip bebrayan kang didadekake duweke dhewe kanthi sinau. Ihroni (1999:280) nyebutake yen kabudhayan iku minangka pakulinan sing dirembaka dening masyarakat sing dipadhakake karo kabutuhan bebrayan.

Kabudhayan kanthi harfiah miturut Ahmadi (1986: 182), tembung kabudhayan asale saka basa Sansekerta “*Buddhaya*”, yaiku wujud jamak saka “*buddhi*” sing nduweni teges budhi utawa akal. Budhaya yaiku tembung majemuk budhi lan daya. Daya saka budi sing awujud cipta, rasa lan karsa. Dene Dewantara (1967:65) kabudhayan iku asile manungsa, yaiku sajroning alam lan jaman (kodrat lan masyarakat) perjuangan kang awujud mulyane manungsa kanggo ngadepi akehe perkara sajroning urip lan panguripan bisa nggayuh kaslametan lan kamulyan ing tembe mburi kanthi sipat tertib lan ayem tentrem. Ing *Kamus Besar Indonesia* (1989:130) diandharake yen kabudhayan asil saka tumindak lan asil ciptane batin uga akale manungsa, kesenian, kapercayan, adat istiadat lan liya-liyane.

Budhaya uga nduweni titikan. Miturut Kuntjara (2006:3) titikane budhaya yaiku: (1) bisa disinau lumantar *pepatah*, carita rakyat, legendha, mite lan kalawati; diwarisake turun temurun kanthi lesan utawa tulisan, sengaja uga ora disengaja; (3) nduweni simbol utawa pralambang tartamtu; (4) tansah owahgumantung owah gingsire jaman; (5) nduweni sistem intergal, tegese sawijining unsur kabudhayan ora bisa ngadeg dhewe, tansah ana sesambungan karo unsur kabudhayan liya; lan (6) nduweni sipat *adaptif* karo kahanan kiwa tengen sing tansah owah gingsir lan ngrembaka.

Budhaya minangka *produk* lan proses kang ngandhut nilai *kultural*, normal lan asil cipta manungsa. Mula saka iku Endraswara (2006:22) merang kabudhayan dadi telung tingkatan *dimensi* yaiku: (1) *dimensi kognitif* (budhaya cipta) sing sipate abstrak, arupa gagasan-gagasan manungsa, kawruh ngenani urip, pamawase wong urip, (2) *dimensi evaluative* tegese gayut klawan nilai-nilai lan norma sajroning kabudhayan, ngandharake babagan tumindak lan salah bawa manungsa sajroning kabudhayan lan nuwuhake etika budhaya sarta, (3) *dimensi simbolik* arupa interaksi uripe manungsa lan simbol-simbol sing digunakake sajrone kabudhayan.

Adhedhasar panemu kasebut bisa didhudhut yen kabudhayan yaiku sakabehing gagasan, tumindak, lan asil karyane manungsa sarta budhi manungsa. Alam lan jaman (kodrat lan masyarakat) sajroning usaha supaya bisa ngadhepi akehe perkara lan angele nggayuh jayane urip manungsa sing asipat ayem lan tentrem. Kanggo nuntun kabiasaan saben dinane ing bebrayan, sing isih ana gandheng cenenge karo akal lan budhi. Amrih luwih bisa trep ing babagane lan supaya bisa dadi babagan kang bisa narik kawigatene liyan saengga bisa nuwuhake pepenginan kanggo ngleluri kabiasaan kasebut.

Masyarakat lan Budhaya Jawa

Masyarakat Jawa yaiku kumpulaning manungsa kang urip ing tlatah Jawa, nduweni idhentitas minangka wong Jawa, nggunakake basa Jawa, lan ngugemi tradhisi lan kabudhayan Jawa (Koentjaraningrat, 2002:329). Masyarakat Jawa cacahé akeh banget lan sumebar meh kabeh ing wilayah nuswantara, nanging sing paling akeh sumebar ing tlatah Jawa Tengah lan Jawa Wetan.

Tembung masyarakat asale saka basa Arab *syarak* kang tegese ‘melu cawe-cawe’. Dadi masyarakat bisa ditegesi kumpulaning manungsa kang tansah nganakake sesambungan. Ora saben kabeh kumpulaning manungsa bisa diarani masyarakat. Masyarakat iku nduweni titikan, yaiku: (1) ana sesambungan ing antarane wargane, (2) nduweni adhat istiadhat, (3) nduweni norma lan ukum, sarta (4) nduweni aturan khas kang bisa ngatur sakabehing tumindak para wargane (Koentjaraningrat, 1990: 143-146). Saka andharan iku mau bisa didudut yen masyarakat minangka *kesatuan* urip manungsa kang tansah nganakake sesambungan adhedhasar adhat istiadhat tartamtu kang sipate *kontinyu*, sarta kaiket dening rasa idhentitas bebarengan.

Budhaya minangka kerangka kang ora kanthi terus-terusan lan menahi pengaruh kang gedhe tumrap masyarakat. manungsa umume urip ing salah sawijining kultur kang sarujuk karo dheweke. Antarane kultur klompok siji lan kultur klompok liyane beda-beda. Iki njalari anggota klompok kang padha katon saemper, lan klompok sing ora padha katon beda. Kultur utawa budhaya minangka warisan sosial manungsa lan perangan saka lingkungan sing digawe manungsa. Budhaya kaperang saka wujud tatalaku kang kanthi sinau lan cundhuk karo pranatan tartamtu sing disetujoni. Semono uga budhaya Jawa uga nduweni wujud tatalaku sing diasilake kanthi sinau lan sarujuk karo pranatan tartamtu kang disetujoni dening masyarakat Jawa (Berdy ing Widayati, 2006:5)

Masyarakat Jawa nduweni budhaya kang adi luhung. Dideleng saka wujud budhaya Jawa kang manekawarna kaya dene ing logat basa Jawa, panganan, upacara-upacara bale wisma, kesenian rakyat lan seni swara. Sabanjure kabudhayan Jawa bisa dieprang ing saperangan sub kabudhayan, yaiku Pesisir Kulon, Banyumas, Mancanegara, Pesisir Wetan sarata Tanah Sabarang Wetan.

Sakabehing sub kabudhayan kasebut ing dhuwur sanajan beda atarane siji lan liyane nanging tetep nduweni perangan sing padha, yaiku minangka kabudhayan Jawa kang adi luhung. Kabudhayan Jawa

kang adi luhung iki ora mung wujud ing budhaya material kaya dene *arsitektur* omah, jinis sandhangan lan sapiturute, nanging uga wujud ing budhaya non material arupa sistem kayata tepa slira, tulung tinulung lan sapiturte, norma-norma kayata kudu ngajeni wong tuwa lan wong sing luwih tuwa lan sapiturute.

Upacara Adhat

Sistem nilai budhaya minangka wujud kang paling abstrak saka adhat istiadhat. Koentjaraningrat (1984: 19) ngadharake adhat minangka wujud idheal kabudhayan kang nduweni fungsi kanggo piranti tata krama. Titikan khas saka wong Jawa salah sijine yaiku ora bisa uwal saka tradhisi slametan. Adhat istiadhat Jawa minangka wujud saka idhe-idhe utawa gagasane masyarakat Jawa. Adhat istiadhat nganti saiki isih ana. Miturut Koentjaraningrat (1984:25), ana patang urutan sing nglairake adhat istiadhat, sing kapisan yaiku cara (*usage*) yaiku nuduhake wujud nilai, kayata tatacara mangan, mlaku, lan ngormati leluhur, sing kapindho (*folkways*) yaiku tumindak sing dibolan-baleni kanthi cara sing padha, sing nomer telu yaiku tumindak (*mores*) yaiku pakulinan sing wis ditampa minangka paugeran dening warga. Saengga adhat istiadhat yaiku tata tumindak kang wis mbalung sungsum ing warga.

Kanthi upacara adhat, masyarakat Jawa bisa njangkepi kabutuhan rohani utawa *spiritual*. Panemu liyane ngenani upacara, Purwadi (2005:126) ngandharake yaiku kagiyatan kang nduweni ancas kanggo mengeti kadadeyan tartamtu kang wigati, dene upacara kang wigati tumrap bebrayan Jawa sinebut slametan. Miturut Geertz (1981:37) upacara yaiku wujud *rekonstruksi* saka prastawa urip kang sengaja ditindakake kanthi wujud nilai tanduk, sarta apa wae sing dipocapake. Mula saka iku, upacara dilaksanakake manungsa kanthi tujuwan kanggo ngelingake prastawa sing wigati sajroning uripe. Saengga kagiyatan upacara dilaksanakake kanthi dhasar adhat sing wis ana wiwit mbiyen sajrone lingkungan warga.

Bisa didudut yen upacara adhat minangka perangan saka nilai lan tumindak manungsa sing lumaku ana ing lingkungan masyarakat sing wis dadi pakulinan, ngandhut nilai-nilai, norma-norma lan aturan-aturan sing sipate kaiket supaya tetep dilaksanakake, lan supaya selaras antaraning warga lan lingkungan.

Folklor

Kanthi *etimologis* tembung folklor asale saka tembung Inggris *folk* lan *lore*. *Folk* yaiku kelompok masyarakat kang nduweni titikan-titikan fisik, sosial lan kabudhayan, saengga bisa dibedakake dadi kelompok-kelompok liyane. *Lore* minangka tradhisi saka *folk*, yaiku saperanagn kabudhayan sing diwarisake kanthi mbalung sumsum lumantar cara lisan utawa kanthi cara tuladha kang dijangkepi karo tumindak tartamtu (Danandjaja, 1984:1-2).

Folklor minangka asil saka pangrembakan kabudhayan sajroning masyarakat, sing diwarisake kanthi cara lisan utawa tulis lan biasane disengkuyung klawan sawijining isyarat. Folklor ora mung ngrembaka ing

Indonesia, ananging uga ngrembaka ing negara liya. Folklor iku bisa tuwuh cundhuk karo anae kabudhayan kang beda-beda. Salah sawijining folklor kang isih ana lan ngrembaka ing Indonesia yaiku folklor Jawa. Folklor Jawa tuwuh cundhuk karo anane kabudhayan Jawa. Danandjaja ngandharake yen folklor Jawa kuwi minangka saperangan kabudhayan Jawa kang sumebar lan diwarisake kanthi turun temurun sajroning suku bangsa Jawa kanthi tradhisional ing versi kang beda-beda, kanthi wujud lesan utawa kang ana gerak kanggo pangeling-ngeling (ing Soedarsono, 1986:426).

Miturut Danandjaja (1984: 21-22) diperang dadi telu yaiku: 1) folklor lisan, 2) folklor separo lisan lan 3) folklor dudu lisan. Folklor lisan yaiku folklor kang diripta, disebarake lan diwarisake kanthi wujud lisan antarane yaiku: 1) paribasan, 2) crita prosa rakyat, 3) nyanyian gurindam. Folklor separo lisan yaiku folklor kang panyebarane dilaksanakake kanthi cara ora lisan, nanging diwenehi tuladha lan nilai. Folklor separo lisan dibedakake dadi : 1) religi (kapitayan lan upacara adat), 2) dolanan tradhisional, 3) teater rakyat, 4) panganan, 5) seni kriya, 6) organisasi sosial, 7) adhat istiadhat, 8) sistem ekonomi tradhisional, 9) gegayutan antar budhaya, 10) sistem kawruh lokal.

Folklor dudu lisan yaiku panyebarane ora awujud medhia lisan, nanging awujud suwara *instrumen* musik, gerak utawa piranti. Folklor dudu lisan bisa dibedakake dadi : 1) bangunan tradhisional, 2) busana, 3) omah, 4) *senjata* tradhisional, 5) piranti mas-masan lan, 10) naskah kuno. Dadi maneka werna wujud folklor bisa dibedakake minangka khasanah budhaya kang wigati kanggo menahi daya pangaribawa tumrab warga panyengkuyunge.

Konsep Fungsi

Saben tradhisi rakyat kaya-kaya mesthi nduweni piguna tartamtu tumrap masyarakat, kamangka piguna kang tuwuh iku mau gumantung dening masyarakat kang ngrasakake langsung tradhisi kasebut. Piguna iku mau bakal narik kawigaten masyarakat supaya tetep ngugemi lan nglestraekake tradhisi kasebut. Semono uga Tradhisi Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Kecamatan Bendo Kabupaten Magetan iki uga nduweni piguna.

Bascom (ing Danandjaja, 2007:19) ngandharake folklor bisa diperang dadi papat yaiku: (1) sistem proyeksi, minangka sarana kacabenggalaning angen-angen sawijining kolektif; (2) sarana pengesahan pranata lan lembaga-lembaga kabudhayan; (3) sarana pendidikan, (4) piranti kanggo meksa lan ngawasi masyarakat supaya pranata ing masyarakat tetep diugemi lan ditindakake dening anggota kolektif. Saliyane iku, Dundes (ing Sudikan, 2001:100) ngandharake pigunane folklor ana lima, yaiku: (1) piranti kanggo mngaketake paseduluran sajroning kelompok, (2) menahi wong bab sawijining piranti kang dianggep bener dening masyarakat, (3) menahi cara kang dianggep bener dening masyarakat supaya bisa ngomongi liyan, (5) menahi cara pelarian kang nyenengake saka alam nyata saengga bisa ngowahi pakaryan kang dianggep malehi dadi dolanan kang nyenengake.

Salah sawijining ciri folklor yaiku nduweni piguna tumrap panguripane masyarakat, uga kanggo negesake *identitas* utawa titikan supaya *integritas sosial* lan simbolis bisa mundhak dhuwur tingkatane. Ana kang nyebutake yen folklor awèh daya pangaribawa luwih kuat tinimbang sastra modern amarga folklor bisa mbangun tata nilai kang wujudé saka tumindak. Bascom (ing Sudikan, 2001:109) ngandharake fungsi sastra lisan ana papat, yaiku: 1) kanggo ndidik anak, 2) kanggo panyaring norma-norma, 3) ngesahake pranata-pranata lan lembaga-lembaga, lan 4) hiburan, mula sajroning panliten iki bakal nggunakake konsep fungsi kang diandharake Bascom.

Konsep Simbol lan Semiotik

Simbol miturut Herususanto (1984:10) asale saka Yunani yaiku *Symbolos* kang tegesé tandha utawa titikan kang nuduhake samubarang. Ing sajroné simbol ngandhut makna. Ing kene uga ngandharake yen tumindak simbolis wong Jawa yaiku : 1) tumindak simbolis sajroné religi, 2) tumindak simbolis sajroné tradhisi, 3) nilai simbolis ing seni. Masyarakat Jawa nglaksanakake prastawa wigati sajroné uripe mesthi ora uwal saka tumindak simbolis.

Kabudhayan asale saka gagasan, simbol-simbol, lan nilai-nilai minangka asil karya lan tumindaké manungsa. Gayutane kabudhayan karo simbol-simbol, manungsa diarani makhluk kang nduweni simbol. Manungsa nduweni pamikiran lan tumindak kang simbolis. Miturut Noerhadi (1933:1) tembung *semiotik* sing asale saka basa Yunani “semion” nduweni teges tandha. Semiotik yaiku cabang ilmu kang ana gegayutane karo kajian tandha. Tandha minangka sistem kang diripta kanggo wujud identitas. *Semiotik* minangka ilmu ngenani tandha kang ngrembaka lan ditrepake sajroné ilmu sastra, ilmu antropologi, filsafat lan kesenian. Panganggone semiotik ing ilmu kasebut rowa banget amarga kabèh prastawa bisa nggunakake simbol.

Obyek budhaya ngandharake makna sing diwangun dening tandha. Kabudhayan diarani pakaryan, kaya dene basa lan kabèh budhaya tinarbuka ing analisis *semiotik*. Tandha-tandha iku ditata ing urutan sing awujud makna ngliwati *konvensi* budhaya asing digunakake sajroné konteks tartamtu (Barker 2004:71). Saengga, panganggone tandha saka kabudhayan wujud kanggo mangerteni maknane.

Panliten Tradhisi Ngrumat Layon nggunakake teori *semiotik* sing ngonceki makna. Makna kang diasilake saka simbol-simbol sejarah miturut kedadeane, tatarakite lan ubarampe sing digunakake. Dadi simbol yaiku tenger budhaya kang kasil lan diciptakake sarta wis dadi kasepakatan bebarengan minangka identitas ing sajroné komunitas lingkungan warga.

Konsep Religi

Religi asale saka basa Latin *religio, re* nduweni teges ‘bali’ lan ligare ‘naleni’. Dadi tembung *religio* ngemu teges naleni awake dhewe. Tegesé panguripan kang ngugemi agama iku nduweni aturan lan kuwajiban kang kudu ditindakake dening pandhereke (Marlan,

2000:70). Religi tumuju ing kapercayan, tumindak lan pangrasane manungsa kang percaya marang Gustine.

Religi minangka sistem kang dumadi saka patang komponen. Miturut Koentjaraningrat (1980: 145) komponen kasebut yaiku: (1) emosi keagamaan kang njalari manungsa dadi religius; (2) sistem kapercayan kang ngemu sakabehing sipat kang diduweni Gusti Kang Kuwasa, ngenani wujud alam ghaib, sarta sakabehing nilai, norma lan piwulang saka religi; (3) sistem ritus lan upacara minangka dayaning manungsa lan sesambungan karo Gusti Pangeran, dewa-dewa, utawa bangsa lelembut ing alam ghaib; lan (4) kesatuan sosial kang ngenut sistem kapercayan.

Patang komponen ing dhuwur nduweni sesambungan, yaiku perangan saka kabudhayan masyarakat. Emosi keagamaan minangka wujud saka sikap religius masyarakat kang bisa ngendalekake emosine cundhuk karo sistem kapercayan. Masyarakat minangka salah sawijining wujud sistem kapercayan, ngupaya kanthi nganakake sawijining tumindak religius kang bisa diarani sistem upacara religius kanthi tujuwan njaga sesambungan antarane manungsa, alam lan Gustine. Saliyane iku, sistem upacara religius biyasane dianakake dening klompok-klompok religius lan kesatuan sosial kang ngenut kapercayan.

Wiwit mbiyen mula leluhur wong Jawa wis kenal anane kapercayan. Para leluhur mau percaya anane daya ing sajabane manungsa, yaiku sawijining daya kang ora bisa dideleng nanging bisa dirasakake lumantar pangrasa, mula tuwuh pamujan marang daya kasebut kang sabanjure ngrembaka dadi sistem kapercayan lan religi. Geerts (1981:8) ngandharake yen religi kang diugemi wong Jawa bisa dipérang dadi telu, yaiku: (1) abangan, luwih nengenake aspek animistis; (2) santri, luwih nengenake aspek Islam; lan (3) priyayi, luwih nengenake aspek Hindu. Sawernaning jinis religi iku mau dening masyarakat Jawa dilebur dadi siji kanthi ajaran agama Jawi utawa kejawen.

Salah sawijine titikan wong kejawen yaiku nduweni kapercayan tumrap bangsa alus kang bisa menèhi lindhungan marang manungsa, yaiku kang diarani dhayang. Miturut Geertz (1981:32) dhayang minangka jeneng liya saka dhemit (akar tembung Jawa kang tegesé roh). Kaya dene dhemit, dhayang uga mapan ing sawijining papan kang diarani pundhen. Dhayang nampa panjaluk saka manungsa kang njaluk pitulung, dene kanggo upah manungsa sing njaluk pitulung mau nganakake slametan. Beda antarane sakkloron, yen saperangan dhayang dianggep minangka roh tokoh-tokoh sejarah kang wis seda kayata pawongan kapisan sing mabad sawijining papan.

Kagiyatan kang dilaksanakake dening warga Jawa salah sawijine nganut mistik Kejawen. Miturut Endraswara (2006:190) istilah mistik kejawen dhasare tumuju marang budhaya spiritual sing dianut dening saperangan warga Jawa. Kabudhayan spiritual sing dianut dening saperanagn warga Jawa lumrahe sinebut agama Jawa, minangka warisan leluhur awit mbiyen.

Miturut Soesilo (diakses tanggal 17 November 2014) agama miturut Kejawen yaiku manunggaling kawula Gusti. Dadi agama miturut kejawen yaiku proses

manunggaling manungsa klawan Gusti. Miturut Maran (2000:71) agama tumuju marang kapitayan lan *praktis* sing ditemtokake dening kapitayan ngenani hakekat manungsa, alam lan kepriye samesthine manungsa urip kanthi nggunakake cara-cara sing paling apik kanggo nggoleki kasunyatan lan nilai-nilai. Saengga kapitayan bisa ngatur pola nilai tanduk warga ing lingkungane supaya gangsar tumuju marang ajaran-ajaran agama kang dianut kanthi tujuan nggolek bebener nilai-nilai panguripan.

Landhesan Teori

Lelandhesan teori iki isine ngenani teori kanggo nintingi dhata Ngrumat Layon. Sepisan, teori folklor Brunvand kanggo nintingi wujud Tradhisi Ngrumat Layon. miturut Brunvand folklor bisa diperang dadi telu, yaiku: (1) folklor lesan, (2) folklor setengah lesan, lan (3) folklor dudu lesan.

Kapindho, teori simbol Pierce digunakake kanggo nintingi makna kang ana ing Tradhisi Ngrumat Layon. Simbol minangka sarana kanggo nyimpen utawa ngandharake makna-makna kang arupa gagasan, tumindak, hasrat, pertimbangan, kapercayan, sarta abstraksi-abstraksi saka pengalaman tartamtu ing wujud kang bisa dimangerteni. Miturut Pierce faktor kang nemtokake anane tandha yaiku: (1) tandha iku dhewe, (2) bab kang ditandhani, lan (3) sawijining tandha anyar kang dumadi ing batine sing nampa.

Katelu piguna Bascom lan Dundes digunakake kanggo nintingi piguna kang tuwuh sajroning Tradhisi Ngrumat Layon. miturut Bascom pigunane folklor yaiku: (1) sistem proyeksi, (2) sarana *pengesahan* pranata lan lembaga kabudhayan; (3) sarana pendidikan, lan (4) pianti meksa lan ngawasi supaya pranata ing masyarakat tetep. Dene Dundes ngandharake pigunane folklor yaiku: (1) piranti ngraketake paseduluran sajroning klompok, (2) menahi wong bab sawijining piranti kang dianggep bener, (3) menahi cara kang dianggep bener supaya bisa ngomongi liyan, (4) piranti panyuruwe kahanan kang ora adil, lan (5) menahi cara pelarian kang nyenengake saengga bisa ngowahi pakaryan kang dianggep malehi dadi dolanan kang nyenengake.

METHODHE PANALITEN

Objek Panaliten lan Papan Panaliten

Objek panaliten iki yaiku Tradhisi Ngrumat Layon kang kagolong folklor saperangan lisan, kagolong folklor saperangan lisan amarga wujud campuran antarane unsur lisan (tradhisi lan kapitayan, gugon tuhon) lan ora lisan (uba rampe). Papan panaliten iki Ing Desa Tanjung Kecamatan Bendo Kabupaten Magetan

Sumber Dhata lan Dhata Panaliten

Sumber dhata lan dhata panaliten iki kanggo jlentrehake olehe sumber dhata lan dhata panaliten iki saka ngendi.

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku sumber kang bisa menahi informasi marang panaliti. Sumber dhata bisa diperang dadi loro, yaiku sumber dhata utama lan sumber dhata

tambahan. Miturut Endaswara (2006:119) sumber utama ing panaliten kualitatif arupa tetembungan lan tumindak, dene dokumen lan sapiturute minangka sumber dhata tambahan. Sakloron sumber dhata kasebut nduweni kalungguhan kang padha lan tansah nyengkuyung siji lan sijine. Sumber dhata utama ing panaliten iki awujud asiling wawancara marang informan kang gegayutan karo Tradhisi Ngrumat Layon.

Informan bisa diperang dadi loro, yaiku informan utama lan informan tambahan. Sudikan (2001:91) menahi tetenger kanggo nemtokake informan kunci, yaiku: (1) wong kasebut nduweni pengalaman pribadhi cundhuk karo masalah kang diteliti; (2) unsur wong kasebut wus diwasa; (3) wong kasebut sehat jasmani lan rohani; (4) wong kasebut nduweni sipat netral, tegese ora nduweni kapentingan pribadhi kanggo ngelek-elek liyan, (5) wong kasebut minangka tokoh masyarakat, lan (6) wong kasebut nduweni kawruh kang becik ngenani masalah kang diteliti. Anane informan tambahan ing panaliten iki kanggo nyengkuyung katrangan saka informan utama.

Sajroning panaliten, informan nduweni kalungguhan kang mligi jalaran bisa nemtokake warna asiling panaliten, mula anggane nemtokake informan ora bisa sakarepe dhewe. Spradley (1997:67) menahi titikan ngenani informan sing ecik kanggo panaliten yaiku: (1) *enkulturasi penuh*, tegese informan weruh budhayane kanthi becik ora digawe-gawe; (2) nduweni *keterlibatan langsung*, tegese informan tansah nindakake budhaya kasebut; (3) swasana budhaya sing ora dikenal, tegese panliti milih informan sajabane dhaerah panliti dhewe kang isih padha nggunakake basa lan tradhii Jawa; (4) wektu kang cukup, tegese informan nduweni kalodhangan lan gampang anggane ditindakake wawancara; sarta (5) non analisis, tegese informan nggunakake teori penduduk asli, ora nganalisis kadadeyan miturut perspektif dheweke dhewe.

Sumber dhata yaiku subjek asal dhata (Arikunto, 2002:107). Sumber dhata ing panaliten iki yaiku Tradhisi Ngrumat Layon lan dhatane dijangkepi dening informan yaiku Mbah Modin desa Tanjung lan para Sesepuh kang mangerteni tradhisi iki. Informan diperang dadi loro yaiku informan skunder lan informan primer. Informan primer yaiku wong kang bisa menahi dhata kanthi saakeh-akehe lan jangkep. Informan sekunder yaiku wong kang nduweni fungsi kanggo njangkepi lan ndukung rampunge panaliten.

Dhata

Dhata yaiku perangan kang paling wigati saka sakabehe. Dhata awujud informasi kang asale saka sumber dhata (Sunarto, 2001:130). Dhata kang dikumpulake sajrone panaliten iki, bisa dijupuk lumantar interaksi langsung karo subjek, yaiku saperangan warga desa Tanjung Kecamatan Bendo Kabupaten Magetan lan perangkat desa kang ngurus babagan kepaten (Modin). Dhata awujud tembung-tembung (wacana Lisan) kang diandharake subjek sarta panemu-panemune.

Instrumen

Instrumen panaliten kang utama sajroning panliten iki yaiku panliti dhewe, yaiku kanthi nglakoni kagiyatan nлити langsung ing lapangan. Ing panliten iki panliti mbutuhake piranti kanggo nyengkuyung anggone nлити ing lapangan, piranti kang dibutuhake yaiku:

- 1) Kamera dhigital, kanggo njupuk gambar ing metodhe observasi.
- 2) Handpone, kanggo ngrekam dhata nalika wawanrembug.
- 3) Buku cathetan lan pulpen, kanggo nyathet perangan kang wigati nalika nglaksanakake panliten ing lapangan.
- 4)Daftar pitakonan, yaiku kang isine pitakonan-pitakonan kang diwenehake marang informan.

ANDHARAN PANALITEN

Tata Laku Upacara Ngrumat Layon

Mati yaiku pindahe roh manungsa saka alam donya menyang alam *barzah*. Manungsa amung bisa pasrah nrima takdir kang wis ginaris sajroning uripe. Ora ana sing mangerteni kapan tekane mati, kabeh wis dadi kuwasane Gusti Kang Akarya Jagad. Alam kubur bisa dadi suwarga kang sarwa endah kahanane, ananging bisa uga dadi neraka kang kebak siksa. Kabeh gumantung amal lan tumindak kang wis dilakoni manungsa nalika urip ing ngalam donya. Kaya dene paribasan*becik ketitik ala ketara lan ngundhuh wohing pakarti*. Tumindak apik bakal diwales apik lan tumindak ala bakal diwales ala.

Masyarakat Jawa percaya, wong sing arep tinggal donya nduweni tandha-tandha utawa asring diarani metri kepaten. Ana wolung metri antarane yaiku: (1) yen tinelu panguripane , ateges kurang telung taun anggone mati, (2) yen nduwe lageyan owah saka adhate, ateges kurang rong taun anggonetinggal donya, (3) yen wis nganyar-nganyari solah bawane, ateges kurang setaun anggonetinggal donya, (4) yen wis salin tumindake lan salin padatane, watak kereng dadi sareh, sing maune seneng parameyan dadi karem ngasepi, lan sapanunggalane, ateges kurang limang lapan utawa setengah taun anggonetinggal donya, (5) yen wewatekane bali dadi kaya bocah maneh ateges kurang patang sasi anggone tinggal donya, (6) yen wis surem paningale, ateges kurang selapan dina, (7) yen netrane wis dhoyong, ateges kurang pendhak dina, (8) yen ilate pucet, kuping kepleh, irung mingkup, grayanganing awak anyep, lan mambu gandhaning sawa, ateges wis cepaktinggal donya. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Pamawas-pamawas agama kasebut banjur manunggal karo adhat istiadhat Jawa. Proses kasebut nuwuhake wujud Upacara Ngrumat Layon. Tatalaku Ngrumat Layon diperang dadi kabar layon, ngedusi layon, ngulesi layon, nyolati layon, upacara budhalan, ngubur lan sur tanah. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Kabar Layon

Ajaran Islam ngandharake, wong kang tinggal donya wajib dirumat lan dihormati. Pawongan sing kudu ngrumat yaiku sanak kadang lan pawongan sing dikira mampu. Kapisan sing kudu ditindakake nalika ana wong tinggal donya yaiku weneh kabar marang liyan. Kabar-kabar diumumake dening Pak RT ing langgar utawa mesjid. Kabar iki diumumake nalika wis ana pepesthen saka pihak keluwarga. Diumumake luwih saka sepisan, supaya cetha. Anggone ngumumake kaya ndene cuplikan ing ngisor iki.

“Assalamualaikum Warahmatullahi Wabarakatu. Innalillahi Wainailaihi Raji’un, sampun kapundhut dening ngarsanipun Gusti Allah SWT / sampun sowan dhateng ngarsanipun Gusti Allah SWT, inggih menika Bapak/Ibu RT/RW Desa Tanjung kala wau jam 15.00 WIB. Mekaten mugiya saget dados penggalih kagem Bapak/ibu sedaya, matursembahnuwun. Wassalamualaikum warahmatullahi wabarakatu.

Sawise krungu kabar kasebut, para warga banjur padha nglayat. Nglayat nuduhake rasa belasungkawa marang keluwarga sing ditinggal. Rasa belasungkawa kasebut dituduhake kanthi wujud nggawa *Gawan*, yaiku beras lan dhuwit saikhilase. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Cuplikan wawanrembug ing dhuwur nuduhake yen gawan minangka wujud rasa belasungkawa sanak kadang lan tangga teparo marang keluwarga layon. Beras bisa digunakake kanggo bakal nalika slametan. Dhuwit uga bisa kanggo nyukupi kabutuhan liyane. Sejatine ora ana prentah sing ngewajibake nggawa gawan arupa beras lan dhuwit, ananging babagan kasebut wis dadi pakulinan awit mbiyen sajroning bebrayan Jawa.

Layon diturokake ing ruang tamu kanthi posisi mlumah lan tangane sedhakep ing dhuwur dhadha. Mlumah nduweni makna dalan tumuju alam kubur bisa lancar. Tangan sedhakep ing dhuwur dhadha ateges pasrah marang Gusti Pangeran. Saliyane iku, layon uga kudu ditutupi jarik. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.



Gambar ing dhuwur nuduhake layon diturokake ing dhampar utawa lincak. Biyasane ing tahap iki ana prosesi “inceng-inceng” yaiku mbukak kain sing wujud nrawang kanggo mangerteni praupane layon. Masyarakat Jawa percaya ikhlas lan orane utawa siap lan orane wong kang tinggal donya bisa dideleng saka praupane. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Ikhlash lan orane wong mati bisa kadeleng saka parupane, yen parupane sumringah mesem iku berarti ikhlash anggone mati, yen parupane mrengut utawa mencureng ateges angone mari ora ikhlash utawa durung siap.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Miturut cuplikan wawanrembug ing dhuwur bisa didudut, praupan mesem utawa seger pratandha yen wis siap lan ikhlash. Praupan mrengut mertandhani yen ora siap lan durung ikhlash. Ikhlash lan orane wong kang tinggal donya gumantung saka tumindak kang wis dilakoni nalika urip. Wong sing nalika urip nglakoni tumindak apik ateges, nindakake prentah Gusti Pangeran lan ngedohi kabeh larangane mula bisa ndadekake siap lan ikhlash anggone ngadepi takdire.

Ngedusi Layon

Ajaran Islam ngandharake yen njaga kasucian iku wajib hukume. Kasucian minangka salah sawijining syarat supaya anggone ngibadah marang Gusti Pangeran bisa katrima. Semono uga nalika kita tinggal donya, jiwa lan raga kudu resik saka sakabehe reget. Ngedusi layon minangka salah sawijine cara kanggo ngresiki reget kasebut. Ngedusi layon nduweni tatacara lan ubarampe tartamtu. Kanggo mangerteni tatacara kasebut, ing ngisor iki bakal diandharake kanthi cetha.

Piranti lan Ubarampe Ngedusi Layon

Piranti kanggo ngedusi layon kudu wis cumepak sadurunge layon didusi. Piranti kasebut yaiku, kapas, wewangian, gunting, jarik, andhuk, lincak, debog, banyu jamban lima, banyu kapur barus, godhong kelor lan piranti adus. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Piranti-piranti kasebut nduweni kagunaan dhewe-dhewe. Kapas digunakake kanggo nutupi babahan hawa sanga yaiku irung, kuping, puser lan alat kelamin. Wewangian digunakake kanggo ngilangi ambu tatu utawa bunyik sing ana ing awake layon, Gunting kanggo nyukur rambut lan kuku. Jarik digunakake kanggo nutup aurat lan slintru. Andhuk kanggo ngelapi awak sawise rampung anggone ngedusi. Lincak kanggo nurukake layon. Jamban lima lan kapur barus kanggo ngresiki kabeh perangan awak. Godhong kelor kanggo ngresiki samubarang sing asipat ghaib. Piranti sing pungkasan yaiku sabun, shampo lan sikat. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Tatalaku Ngedusi Layon

Ngrumat layon minangka prentah sing kudu ditindakake nalika ana wong tinggal donya. Saben layon wajib didusi, dikafani, lan dikubur kajaba kanggo pawongan sing mati syahid. Ngedusi layon hukume *fardhu kifayah*, ateges wajib ditindakake dening sanak kadang sing mampu. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Ngedusi layon hukume *fardhu kifayah*, ateges wajib ditindakake dening sanak kadang utawa sesama muslim liyane sing dikira mampu kanggo nindakake. Kajaba mayit sing anggone mati karena mati syahid, mula oleh langsung dikubur tanpa didusi lan dikafani.” (Mbah Modin, 14

November 2014)

Adhedhasar cuplikan wawanrembug ing dhuwur bisa dimangerteni wong kang mati syahid bisa langsung dikubur tanpa didusi lan dikafani. Mati syahid yaiku mati nalika perang, mbela kabecikan lan mbela Islam. Pawongan sing mati kanthi kahanan kasebut bisa diarani pahlawan. Dheweke mati kanggo mbela negara, agama lan kabecikan. Mula kanggo mbayar kabeh pangurbanane bisa langsung dikubur tanpa didusi lan dikafani.

Pawongan kang wajib ngedusi layon yaiku, pawongan sing dadi wasiate layon sadurunge tinggal donya. Saperangan wong sing arep tinggal donya wis krasa yen umure ora dhawa maneh. Lumantar wasiat, kabeh pepenginan layon kudu dituruti supaya ndadekake layon ayem nalika ing alam kubur. Yen ora ana wasiat, mula sing wajib ngedusi yaiku sanak kadang. Layon wadon didusi dening sanak kadang wadon, layon lanang didusi dening sanak kadang lanang. Kanggo layon sing isih bocah, didusi dening bapak lan ibune. Kabukti saka cuplikan ing ngisor iki.

“Pawongan sing wajib ngedusi mayit yaiku pawongan sing wis ditunjuk mayit utawa sing wis dadi wasiat nalika urip. Ananging yen ora ana wasiat, sing wajib ngedusi yaiku sanak kadang. Kanggo mayit sing isih bocah utawa bayi didusi dening bapak lan ibune.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Miturut cuplikan ing dhuwur bisa dimangerteni layon sing isih bocah utawa bayi bisa didusi dening bapak utawa ibune. Babagan kasebut disebabke bayi utawa bocah dianggep isih durung nduweni dosa. Bayi lan bocah sing wis tinggal donya kasebut dipercaya bisa weneh pitulungan marang bapak lan ibune ing akhirat mbesuk.

Papan panggonan kanggo ngedusi layon diarani *tritisan*. *Tritisan* digawe ing mburi, sisih tengen utawa sisih kiwa bangunan omah. *Tritisan* kudu katutup utawa *slintru*. Anggone nutup bisa nggunakake jarik utawa kain jinis liyane. Papan kanggo nurokake layon nalika didusi yaiku lincak. Debog digunakake kanggo mangku layon supaya banyu adus bisa mili lan ora ndadekake reget utawa najis. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Adhedhasar cuplikan wawanrembug ing dhuwur bisa dimangerteni sanajan wis tinggal donya perangan aurat kudu ditutup. Aurat minangka perangan awak kang paling saru. Aurat bisa njalari wong kang ora bisa nahan hawa nepsune dadi nindakake samubarang sing ala. Mula saka iku, perangan aurat kudu ditutup lan dijaga.

Posisi layon gumantung arah omah, yen omahe madhep wetan utawa kulon posisi layon kudu mujur ngalor. Omahe madhep lor utawa kidul, posisi layon kudu mujur ngetan. Tata laku kasebut nduweni maksud kanggo ngilangi musibah sing ora dikarepake. Musibah kasebut bisa arupa udan deres, angin banter lan liya-liyane. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Posisi mayit nalika ngedusi ditemtokake saka arah omahe mbak, yen omahe madhep wetan utawa kulon posisi mayit kudu mujur ngalor ngidul, yen omahe madhep lor lan kidul posisi mayit kudu mujur ngetan ngulon. Kapitayan iki dipercaya bisa ngilangake musibah utawa

kedadean sing ora dipengini kayata, udan deres, angin lan sapanunggalane.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Saka cuplikan wawanrembug ing dhuwur bisa didudut posisi layon nalika didusi uga kudu digatekake. Masyarakat Jawa banget anggone ngugemi adhat lan istiadhate, kalebu mitos sing kaya mangkono. Mitos kasebut wis ana awit jaman mbiyen, bisa diarani minangka warisan leluhur. Mula saka iku, ora na sing wani ngilangi babagan kasebut.

Tatalaku kapisan yaiku, klambi sing ana ing awak layon dicopot. Diwiwiti saka lengen tengen menyang kiwa, sabanjure yaiku saka bageyan gulon menyang ngisor. Bageyan ngarep banjur ditarik menyang ngisor. Perangan aurat banjur ditutupi jarik. Khusus clana bisa langsung digunting. Babagan iki dikarepake supaya layon ora tatu. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Klambi sing digunakake mayit kudu dicopot, supaya kabeh rereget bisa ilang. Anggone nyopot uga ora sembarang, ora oleh ninggalake tatu. Khusus clana oleh dgunting supaya luwih gampang.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Cuplikan wawanrembug ing dhuwur nuduhake, layon ana sing isih nganggo klambi, ananging ana uga sing langsung dicopot ing tahap pralenan. Babagan kasebut gumantung saka pihak kluwarga. Sing paling wigati yaiku perangan aurat kudu katutup. Rambut sing katon ora rapi bisa dicukur. Kanggo layon lanang sing nduweni brengos uga bisa dirapekake. Rambut ing bageyan kelek uga dicukur. Kuku sing katon dhawa dipotong. Bageyan irung, kuping, puser lan alat kelamin ditutupi kapas, supaya ora ana banyu sing mlebu. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Cuplikan wawanrembug ing dhuwur nuduhake yen, sepira gedhene najis kang ana ing awak layon kudu diilangi. Sanajan wujud banyu utawa cairan. Babagan kasebut dikarepake supaya kahanan layon bener-bener suci lan resik. Suci lan resik minangka salah sawijine syarat supaya sakabehing ibadah marang Gusti Pangeran bisa ditampa.

Tahap pungkasan yaiku, layon diwudhuake maneh lan disiram banyu kapur barus. Sawise rata anggone nyiram, kapas ing bageyan irung, kuping, puser lan alat kelamin dijupuk. Kabeh perangan awak diulapi kanthi nggunakake adhuk utawa kain sing alus. Anggone ngulapi ora oleh ninggal tatu. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Tahap pungkasan yaiku mayit diwudhuake maneh, banjur disiram nganggo banyu kapur barus. Anggone nyiram kudu rata, sawise iku banjur diulapi nganggo andhuk utawa kain alus.”(Mbah Modin, 14 November 2014)



Gambar ing dhuwur nuduhake prosesi ngedusi layon, layon diturokake ing lincak kang wis diwenehi debog. Wong kang gedusi kurang luwih ana telu. Dene wong kang nutupi *tritisan* udakara cacache lima. jamban lima manggon ing sisih kiwa saka layon.

Makna Tatalaku Ngedusi Layon

Ngrumat Layon minangka prentah wajib sing kudu ditindakake umat muslim nalika ana wongtinggal donya. Layon kudu dirumat awit tiba geblake nganti dikubur. Sejatine prentah ngrumat layon minangka prentah wajib saka Gusti Pangeran, ateges tatalakune adhedhasar Al-Quran lan Hadis. Mayoritas masyarakat Jawa ngenut agama Islam, mula ora mokal yen tradhisi iki wis mbalung sunsum sajroning masyarakat Jawa. Prentah agama kasebut banjur manunggal karo adhat lan istiadhat masyarakat Jawa, nuwuhake makna simbolis tartamtu.

Tatacara ngedusi layon akeh sing wis kacampur karo adhat lan istiadhat Jawa. Kaya ndene posisi layon sing kudu selaras karo arah bangunan omah. Yen omahe madhep wetan utawa kulon posisi layon kudu mujur ngalor. Omahe madhep lor utawa kidul, posisi layon kudu mujur ngetan. Babagan kasebut ora diandharake sajroning AL-Quran utawa dalil, ananging saperangan masyarakat Jawa percaya yen dilanggar bakal nekakake musibah. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Posisi mayit nalika ngedusi ditemtokake saka arah omahe mbak, yen omahe madhep wetan utawa kulon posisi mayit kudu mujur ngalor ngidul, yen omahe madhep lor lan kidul posisi mayit kudu mujur ngetan ngulon. Kapitayan iki dipercaya bisa ngilangake musibah utawa kedadean sing ora dipengini kayata, udan deres, angin lan sapanunggalane.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Papan panggonan sing digunakake kanggo ngedusi layon kudu katutup utawa *slintru*. Tatacara kasebut pancen diandharake sajroning hadis lan dalil. Sajroning dalil kasebut, ditegesake yen anggone nutup papan kanggo ngedusi layon bisa nggunakake kain utawa kayu. Saperangan masyarakat Jawa sing agamane isih kenthel, nggunakake kain polos lan kayu. Masyarakat Jawa liyane sing percaya lan ngugemi adhat istiadhat nggunakake jarik. Jarik dipercaya nduweni daya mistik sing bisa ngalangi samubarang ghaib. Samubarang ghaib kasebut asipat jahat, mula kudu ditangkal. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

Miturut ajaran Islam, banyu sing digunakake kanggo ngedusi layon yaiku banyu sing dicampur karo wewangian. Ajaran kasebut banjur ngalami proses *penggabungkaro* adhat lan istiadhat Jawa. Miturut masyarakat Jawa, banyu sing digunakake kanggo ngedusi

cacah kudu limang jinis. Banyu kasebut diarani jamban lima, yaiku banyu asem, banyu uyah, banyu kembang setaman, banyu tawa, lan banyu merang. Cacah lima nuduhake rukun islam, yaiku maca sahadhat, sholat, mbayar dzakat, pasa, lan haji kanggo sing mampu. Limang prentah kasebut minangka prentah wajib sing kudu ditindakake dening umat muslim ing donya. Rukun Islam uga bisa diarani minangka cacah agama, tuntunan, lan gondhelan supaya urip kita bisa tumata lan kebak kaberkahan. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Jamban lima nggambarake rukun Islam. sajroning urip, umat muslim kudu nindakake kabeh prentah lan ngedohi larangane Gusti Pangeran. Prentah kang paling wajib ditindakake yaiku rukun Islam kang cacah lima kasebut. saliyane iku rukun Islam uga minangka pepadhang utawa gndhelan nalika kita urip ing ngalam donya”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Masyarakat Jawa idhentik karo samubarang kang mistik. Kaya ndene ana saperangan wong lanang utawa wadon sing nggunakake susuk. Susuk yaiku jinis emas-emasan sing dipercaya bisa ndadekake awet enom, lancar rejeki lan pakaryane. Biyasane susuk manggon ing bageyan awak sing ora bisa dideleng mata. Babagan kaya mangkene ndadekake pro kontra sajroning masyarakat, saperangan ana sing percaya lan saperangan ana sing ora percaya babar pisan. Adhedhasar ajaran Islam babagan kasebut kalebu musrik, ateges percaya saliyane Gusti Pangeran.

Godhong *bidara* utawa asring diarani godhong kelor dipercaya bisa ngilangi samubarang ghaib kasebut. Sajroning tahap ngedusi layon, godhong kelor digunakake kanggo ngilangi susuk utawa samubarang ghaib liya sing manggon ing sajrone awak. Tatacara nggunakake godhong kelor yaiku, diusepake ing kabeh perangan awak nganthi rata. Kurang luwih limang menit wujud susuk lan samubarang ghaib liya bisa metu saka awak. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Godhong kelor yaiku ubarampe sing kudu ana nalika ngedusi mayit, godhong kelor tanduran sing gampang golekane, godhong kelor nduweni fungsi kanggo ngresiki rereget sing kapendhem ing awak mayit. Wong mati iku ora oleh gawa barang apa wae kecuali amalan-amalan nalika dheweke urip. Mula saka iku barang apa wae kudu diilangi. Godhong kelor diusapake ing bageyan awak tartamtu banjur dienteni kurang luwih limang menit susuk utawa gaman-gaman tartamtu.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Makna simbolis kang kinandhut sajroning prosesi ngedusi layon minangka asil manunggaling ajaran Islam karo adhat istiadhat Jawa. Makna kasebut ana sing bisa tinampa nalar ananging saperangan ana sing asipat kapitayan. Masyarakat desa Tanjung kalebu masyarakat sing isih nguri-nguri lan ngugemi adhat istiadhat tinggalane leluhur, mula ora mokal yen sajroning prosesi ngedusi layon akeh makna kang kinandhut. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Sajroning tahap ngedusi layon sejatine yaiku kanggo ngresiki kabeh rereget sing ana ing mayit. reget kasebut asipat ghaib lan ora ghaib. Akeh tatalaku sing wis kacampur karo adhat istiadhat Jawa, mula ora mokal yen nuwuhake makna simbolis tartamtu.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Adhedhasar cuplikan ing dhuwur bisa diandharake yen tujuwan utama saka ngedusi layon yaiku kanggo ngilangi samubarang kang sipate rereget utawa najis. Rereget lan najis kasebut kudu direstiki supaya layon katon resik lan suci. Ngedusi layon minangka prentah wajib sing kudu ditindakake.

Ngulesi Layon

Ngulesi layon minangka tahap sing kudu ditindakake sawise layon rampung didusi. Ing tahap iki, layon diulesi nganthi kabeh perangan awak katutup. Sajroning tahap ngulesi layon ana syarat-syarat tartamtu sing kudu digatekake. Kanggo luwih mangerteni ing ngisor iki bakal diandharake kanthi cetha.

Piranti lan Ubarampe Ngulesi Layon

Piranti kanggo ngulesi layon kudu wis cumepak sawise layon didusi. Piranti-piranti sing digunakake yaiku, gunting, kain mori, wewangian, kapas, tali, karet, lan sapanunggalane. Piranti kasebut nduweni kagunaan dhewe-dhewe. Gunting digunakake kanggo gunting kain mori. Kain mori digunakake kanggo ngulesi layon, supaya kabeh perangan awak bisa katutup. Wewangian digunakake supaya layon wangi lan seger. Kapas kanggo nutupi babahan hawa sanga. Tali digunakake kanggo nali kain mori supaya kenceng. Piranti pungkasan yaiku karet, digunakake kanggo nali rambut wadon sing dawa. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Sajroning tahap ngulesi layon uga nggunakake piranti. Pirantine ora beda adoh karo sing digunakake kanggo ngedusi mayit sing mbedakake yaiku kain mori. Saben piranti uga nduweni kagunaan dhewe-dhewe. Piranti iki biyasane wis dicepakake dening desa, ananging biyasane ora jangkep amarga ora ana sing ngrawat.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Adhedhasar cuplikan ing dhuwur bisa didudut , piranti kanggo ngulesi layon biyasane dicepakake dening desa, ananging akeh sing ilang amarga ora ana sing ngrumat. Saben piranti nduweni kagunaan dhewe-dhewe. Piranti kasebut uga gampang ditemokake, kajaba kain mori. Kain mori sing digunakake kud anyar lan resik.

Tatalaku Ngulesi Layon

Ngulesi layon minangka prentah sing kudu ditindakake nalika ana wongtinggal donya. Ngulesi layon yaiku tahap nutupi perangan awak layon. Sajroning tahap iki, akeh tatacara sing kudu digatekake. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Tahap sabajure yaiku ngulesi layon, ngulesi layon hukume uga wajib mbak. Sadurunge dikubur mayit kudu diulesi utawa ditutup kabeh

perangan awake. Babagan iki selaras karo prentah agama sing kudu ngrumat layon salah sawijine yaiku nutup aurat.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Posisi layon nalika diulesi yaiku, diturokake ing dhampar kaya dene posisi sadurunge didusi. Sadurunge tahap ngulesi, layon diwenehi wewangian lan ing bageyan babahan hawa sanga ditutup kapas. Kanggo layon wadon sing rambute dawa bisa digelung utawa ditali. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Posisi mayit sadurunge diulesi yaiku turu dhampar, mluhah banjur tangane sedhakep ing dhadha.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Kain mori sing digunakake kanggo ngulesi layon kudu anyar. Kanggo mangerteni ukuran kain mori sing dibutuhake, amba lan dhuwur layon kudu diukur. Yen ambane layon 30cm, kain mori sing digunakake yaiku 90cm utawa 1:3. Yen dhuwure 180cm, mula dawa kai mori ditambah 60cm. Kanggo layon sing dhuwure 150cm, kain mori ditambah 50cm. Yen dhuwure 120, mula kain mori ditambah 40cm. Dhuwur 90cm, kain mori ditambah 30cm. Tambahan kasebut dikarepake supaya gampang anggone nali. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Kain mori sing digunakake kudu selaras karo amab lan dhuwure jenazah. Kain mori sing digunakake uga kudu anyar.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Pawongan sing ngulesi layon yaiku sanak kadang utawa pawongan sing wis dadi wasiat. Layon lanang diulesi dening sanak kadang lanang, layon wadon diulesi dening sanak kadang wadon. Kanggo layon sing isih bayi utawa bocah leh diulesi sanak kadang lanang lan wadon. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Pawongan sing ngulesi layon yaiku sanak kadang, utawa pawonga sing wis katunjuk ing wasiate. Kanggo mayit sing sisih bayi utawa bocah oleh diulesi sanak kadang lanang utawa wadon.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Adhedhasar cuplikan ing dhuwur bisa dimangerteni yen sawise didusi, layon digawa meyang omah lan diturokake ing dhampar utawa lincak. Posisi layon yaiku mujur ngalor lan tangane disedhakepake kaya ndene posisi sadurunge didusi. Sadurunge diulesi, ing bageyan wajah, cangklikan, lakang, dengkul, sikut, gelangan tangan lan gelangan sikil kudu diwenehi minyak wangi. Ing bageyan babahan hawa sanga kayata irung, mata, kuping, lambe lan dubur ditutup nganggo kapas. Babagan kasebut dikarepake supaya cairan-cairan sajroning awak ora bisa metu. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Minyak wangi utawa biasa diarani minyak serimpi yaiku perangan ubarampe sing kudu ana, sadurunge diulesi mayit kudu diwenehi minyak serimpi. Minyak iki ambune khas mbak, awet lan sedhep. Bisa dimangerteni yen Gusti Pangeran seneng samubarang sing wangi lan resik. Mula saka iku minyak wangi utawa minyak serimpi kudu digunakake nalika ngulesi layon.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Tahap sabanjure, layon diulesi kain mori utawa

lawon. Kandle kurang luwih siji nganti telung rangkep. Rangkep telu minangka simbol telung amalan sing ora bisa pedhot nalika tinggal donya. Telung amalan kasebut yaiku, sedhekah, donga anak sing sholeh lan sholehan lan ilmu sing manfaat. Amalan-amalan kasebut dikarepake bisa dadi sangu kanggo layon nalika ing alam kubur. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Kain mori yaiku piranti sing paling penting nalika prosesi ngulesi layon, kain mori yaiku kanggo nglambeni mayit supaya katutup aurate.

Tahap pungkasan yaiku, layon dilebokake ing bandhosa banjur disholati. Sajroning tahap iki, saperangan ana sing posisi layon isih diturokake ing dhampar. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Ing tahap pungkasan, mayit dilebokake ing bandhosa banjur disholat, ananging ana uga sing isih diturokake dhampar. Amarga biyasae ana pihak keluwarga sing pengen ngerti ananging isih ing perjalanan.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Adhedhasar cuplikan ing dhuwur bisa diandharake, posisi layon sawise diulesi bisa langsung digawa menyang bandhosa ananging bisa uga diturokake dhampar. Kabeh gumantung panjaluke pihak keluwarga. Prosesi ngulesi layon bisa dideleng saka gambar ing ngisor iki.



Makna Tatalaku Ngulesi Layon

Ngulesi Layon minangka tatalaku kang kudu ditindakake sawise layon rampung didusi. Anggone ngulesi layon kudu nggatekake tatacara kang wis tumata awit jaman biyen. Tatacara kasebut saperangan ana sing wis kacampur karo adhat istiadhat Jawa banjur nuwuhake makna simbolis tartamtu. kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Kaya ndene tahap ngedusi layon, tahap sabanjure yaiku ngulesi layon uga nduweni makna tartamtu. makna kasebut asil gabungan saka ajaran Islam karo adhat istiadhat Jawa.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Posisi layon nalika diulesi yaiku mluhah lan tangane sedhakep ing dhuwur dhadha. Miturut masyarakat Tanjung, posisi kasebut dikarepake supaya dalan tumuju alam kubur bisa lancar lan antuk swarga sing kebak kamulyan. Tangan sedhakep ing dhuwur dhadha nggambarake pasrah, ateges pasrah marang Gusti Pangeran. Tinggal donya minangka takdir sing ora bisa ditolak, kabeh manungsa bakal ngalami proses kasebut. kita amung bisa pasrah lan nrima. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Posisi mayait mluhah lan tangane sedhakep nduweni makna, dalan tumuju alam kubur supaya lancar lan tangan sedhakep ing dhadha ateges rasa pasrah marang Gusti

Pangeran.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Kain mori sing digunakake kanggo ngulesi kudu luwih siji, cacahé kudu ganjil. Kanggo layon lanang rangkep telu, layon wadon rangkep lima. Angka ganjil minangka angka kang apik miturut ajaran Islam. Angka telu uga nggambarake telung amalan sing ora bisa pedhot nalika kitatinggal donya. Amalan kasebut yaiku, sedhekah, ilmu kang manfaat lan donga saka anak sing sholeh lan sholehah. Angka lima nggambarake rukun Islam. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Kain mori sing digunakake kudu rangkep ganjil.

Angka telu nggambarake telung amalan sing ora bisa pedhot nalika kita mati. Angka lima nggambarake rukun Islam sing dadi gondhelan nalika kita urip.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Pawongan sing ngulesi layon yaiku sanak kadang utawa pawongan sing wis dadi wasiate layon nalika urip. Layon lanang diulesi dening sanak kadang lanang, layon wadon diulesi dening sanak kadang wadon. Babagan kasebut dikarepake supaya ora saru lan nuwuhake samubarang ala sing ora dikarepake. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Pawongan sing ngulesi layon gumantung jinis kelamin mayit, yen lannag kudu diulesi sanak kadang lanang. Yen wadon kudu diulesi sanak kadang wadon. Mayit sing isih bocah utawa bayi oleh diulesi dening bapak lan ibune.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Adhedhasar cuplikan wawanrembug ing dhuwur bisa didudut yen sanajan wistinggal donya, peranan aurat kudu tetep ditutupi. Islam minangka salah sawijine agama sing paling nengenake prentah nutup aurat. Aurat yaiku peranan awak sing saru, mung muhrim tartamtu sing oleh mangerteni.

Budhaling Layon

Budhaling layon ditindakake sawise prosesi sholat layon rampung. Tahap iki ditindakake kanggo menehi pakhormatan marang layon. Sadurunge dikubur, kabeh sanak kadang lan para layat mlumpuk ing ngarep omah. Sajroning tahap budhaling layon uga kudu nggatekake tatacara lan aturan sing wis ana awit jaman biyen. Tatacara kasebut bakal diandharake ing ngisor iki kanthi luwih cetha.

Tatalaku Budhaling Layon

Posisi layon ing tahap budhaling layon dilebokake ing *keranda*. *Keranda* dipikul dening pawongan cacah papat. Ing sadhuwure *keranda* kudu diwenahi kembang ronce melati, mawar lan pandan. Saliyane iku *keranda* uga kudu dipayungi. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Posisi mayit ing tahap budhaling layon kudu wis ing njero bandhosa. Sing mikul cacahé papat, sadhuwure bandhosa diwenahi kembang ronce. Bandhosa uga kudu dipayungi.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Salah sawijine pihak kaluwarga banjur menehi sesambutan. Inti saka sambutan kasebut yaiku, ngaturake rasa matursuwun lan sepura pihak kaluwarga marang para layat. Nalika urip, layon mesthi nduweni salah lan

nduweni utang piutang. Lumantar sambutan kasebut kabeh kaluputan lan utang piutang bisa lunas. Sambutan kasebut diandharake kaya ndene ing ngisor iki.

Adhedhasar cuplikan wawanrembug ing dhuwur bisa diandharake yen sambutan kasebut nduweni tujuwan kanggo ngaturake apa wae kang dadi uneg-unege pihak kaluwarga. Nalika urip kabeh manungsa mesthi nduweni kaluputan, mula saka iku salah sawijine pihak kaluwarga minangka wakil saka layon ngaturake pangapura marang sanak kadang.

Adicara sabanjure yaiku brobosan utawa tlusupan. Tlusupan ditindakake dening anak putu lan sanak kadang kanthi cara mbrobos ing sangisore bandhosa. Anggone mbrobos luwih saka kaping telu. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Brobosan yaiku prosesan sing ora wajib dilaksanakake, ananging ing desa Tanjung iki diwajibake mbak. Brobosan wujud pangormatan sing pungkasan kanggo mayit. Saliyane iku supaya sanak kadang cepet nglalekake mayit. Brobosan dilaksanakake luwih saka kaping telu, saya akeh anggone brobosan saya apik.”(Mbah Modin, 14 November 2014)



Sawise borobosan rampung ditindakake, Mbah Modin banjur ngucapake lafal “*La illaha illallah muhamadasulallah*” kaping telu. Lafal kasebut negesake yen layon arep dibudhalake. Beras sawur disawurake ing sadhuwure bandhosa. Saliyane iku, ana sesepuh sing mecahake piring, nggawa sapu gerang lan mbakar kemeyan. Sapu digunakake kanggo nyapu dalan, anggone nyapu nganti pitung jangkah saka omah. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor.

“Sawise upacara brobosan, mayit banjur disawuri beras kuning, lan ana sesepuh wadon sing mecahake piring lan nyapu latar. Saliyane iku uga ngobong kemeyan utawa dupa. Ritual iki nduweni makna minangka bukak dalan kanggo jenazah supaya lancar tumuju alam kubur. Ngobong dupa minangka sajen kanggo leluhur supaya ora ngalang-ngalangi prosesi budhalan. Nyapu latar uga nduweni makna minangka ngesiki kabeh rereget sing ana ing sakupenge omah.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Bandhosa banjur dipikul mlaku tumuju kuburan. Para wadon sing nggawa ubarampe manggon ing ngarep bandhosa. Ubarampe sing kudu digawa yaiku sawur, degan, kembang telon lan kendi. Anggone mlaku kudu cepet lan bareng. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Budhalan jenazah lan iring-iringane iki wujud rasa pangormatan sing kaping pungkasan, para sanak kadang lan tangga teparo anggone

ngeterake kudu cak-cek lan cepet. Amarga jenazah kudu enggal dikubur ora oleh kesuwen anggone ngubur.”(Mbah Modin, 14 September 2014)



Kanggo layon sing isih jaka kudu nggunakake ubarampe wit gedhang. Layon sing isih prawan nggunakake kembar mayang. Ubarampe kasebut digawa dening sanak kadang ing ngarepe bandhosa. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Kanggo mayit sing isih bujang utawa prawan wajib nggunakake ubarampe wit gedhang kanggo jaka, kembar mayang kanggo mayitsing isih prawan. Ubarampe kasebut digawa ing sangarape bandhosa. Wit gedhang lan kembar mayang minangka tetenger yen sing mati isih nom bujang utawa prawan.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Miturut pethikan wawanrembug ing dhuwur bisa diandharake yen layon sing isih bujang utawa prawan kudu ditengeri kanthi nggunakake ubarampe wit gedhang lan kembar mayang. Wit gedhang lan kembar mayang nggambarake jejodhoan, ubarampe kasebut asring digunakake nalika adicara manten.

Makna Tatalaku Budhaling Layon

Kaya ndene tatacara sadurunge, budhaling layon uga wis manunggal dadi siji karo adhat lan budhaya Jawa. Proses manunggaling ajaran agama Islam lan kabudhayan Jawa kasebut nuwuhake makna simbolis tartamtu. tatacara brobosan nduweni makna simbolis minangka cara kanggo nyirep keluwarga supaya luwih ikhlas. Brobosan minangka budhaya murni masyarakat Jawa tinggalane leluhur. Brobosan uga minangka piranti kanggo nglunasi nadzar mayit nalika urip sing durung bisa dibayar. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Brobosan yaiku prosesan sing ora wajib dilaksanakake, ananging ing desa Tanjung iki diwajibake mbak. Brobosan wujud pangormatan sing pungkasan kanggo mayit. Saliyane iku supaya sanak kadang cepet nglalekake mayit. Brobosan dilaksanakake luwih saka kaping telu, saya akeh anggone brobosan saya apik.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Ngubur Layon

Sajroning ajaran Islam, ngubur mayit hukume wajib. Wong mati kudu enggal dikubur supaya ora nuwuhake kedadean sing ora dikarepake. Anggone ngubur kudu nggatekake tatacara. Tatacara kasebut wis ana awit jaman biyen, bakal diandharake ing ngisor iki kanthi luwih cetha.

Piranti lan Ubarampe Ngubur Layon

Piranti sajroning tahap ngubur layon yaiku pacul, arit, skop, meteran, blabak, kendhi, degan, kembang setaman lan maesan. Saben piranti kasebut nduweni kagunaan dhewe-dhewe. Pacul, arit lan skop digunakake kanggo ndhudhuk kuburan. meteran digunakake kanggo ngukur amba, jeru lan dhawane kuburan. blabak digunakake kanggo nutupi layon. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.


“Piranti sing digunakake kanggonubur layon yaiku pacul, skop, meteran, arit. Piranti kasebut digunakake kanggo ndhudhuk kuburan.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Piranti kasebut umume wis dicepakake dening desa, ananging kanthi jumlah sing kewates, mula para tangga teparo asring nggawa piranti dhewe saka omah supaya luwih cepet. Piranti kasebut umum ditemokake, ateges saben pawongan mesthi nduweni kaya dene pacul, arit lan skop.

Tatacara Ngubur Layon

Tatacara kapisan yaiku ndhudhuk kuburan. Dawa lan jerune kuburan gumantung ukura awak layon, umume ora luwih saka rong meter. Kuburan diduduk dadi rong lapisan. Lapisan kapindho digawe rada jeru. Lapisan iki, digunakake kanggo nurokake layon. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Ndhudhuk kuburan dilaksanakake para warga utawa tangga teparo. Ndhudhuk kuburan dilaksanakake nalika krungu ana wong sing mati. Anggone ndhudhuk ora oleh sakarepe dhewe, ana aturan-aturan tartamtu. dawane kuburan gumantung dawane mayit, anaging umume udakara 2meter. Jerune kurang luwih uga 2meter. Ana rong lapisan sing kudu didhudhuk, lapisan kapindho digawe rada jeru, lapisan iki fungsine kanggo panggon mayit supaya bisa miring madhep menyang kiblat.”(Mbah Modin, 14 November 2014)



Layon dibopong sanak kadang sing cacahé kurang luwih papat, banjur ditampani sanak kadang liyane sing wis ana ing kuburan. Posisi laon kudu miring madhep kiblat. Ing bageyan gulu, dhadha lan sikil diwenahi gelu kanggo ganjel supaya bisa miring. Sadurunge ditutup blabak utawa pring, layon kudu diadzani. Adzan mertandani yen anggone ngubur wis rampung.

Tahap sabanjure yaiku ngurug kuburan. Sepisan kanthi jupuk lemah akehe telung jumpitan. Maesan diencepake ing sisih dhuwur lan isor kuburan. Maesan minangka tetenger kanggo mbedakake antarane kuburan

liyane. Sadurunge didongani, kembang setaman di sebar lan banyu kendhi disiramake. Kabukti saka gambar ing ngisor iki.



Makna Tatalaku Ngubur Layon

Sajroning tahap ngubur layon uga ngandhut saperangan makna simbolis. Layon kudu diganjel gelu utawa lemah minangka lambang yen manungsa diripta saka lemah lan nalika mati bakal mbalik wujud lemah. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Supaya bisa miring madhep kiblat mayit kudu diganjil nggunakake gelu. Gelu uga nduweni makna manungsa diciptakan dri tanah dan akan kembali dalam bentuk tanah.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Sawise diganjel gelu, layon ditutup blabak utawa pring. Blabak nglambangake wates antarane alam fana lan alam donya. Blabak uga nggambarake jendela utawa lawang proses panguripane manungsa. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Blabak uga nduweni makna minangka wates anatarane alam donya lan alam fana. Ateges manungsa nglami urip lan bakal nglami mat. Blabak uga minangka jendela prose uripe manungsa.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Jupuk lemah kanthi telung jumputan uga nglambangake yen manungsa diripta kanthi wujud lemah. Kabeh manungsa diripta dening lemah lan bakal mbalik kanthi wujud lemah. Tinggal donya minangka pepesthen sing misterius. Kabeh bakaltinggal donya, ananging wektu kapan kita bakal tinggal donya amung Gusti Pangeran sing mangerteni. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Jupuk lemah sajumput nglambangake yen manungsa dirita saka lemah lan bakal dibalekake kanthi wujud lemah.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Nyebar kembang utawa nyekar nduweni makna supaya layon oleh kamulyan, kabegjan lan kaslametan. Saliyane iku banyu kendhi uga disiramake ing sadhuwure kuburan, babagan kasebut dikarepake bisa menehi katentreman marang layon. Saperangan masyarakat Jawa percaya yen miline banyu nggambarake wujud katentreman. Kabukti saka cuplikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Nyekar minangka lambang kabegjan kamulyan lan katentreman.ing kene sawise dikubur dikarepake supaya mayit bisa oleh kamulyan , katentreman lan kaslametan ing alam kubur.”(Mbah Modin, 14 November 2014)

Kabegjan lan kamulyan sing dikarepake yaiku didohake saka siksa kubur lan antuk papan kang mulya ing alam kubur. Saliyane iku, nyekar uga bisa ndadekake

kuburan katon endah lan adoh saka makhluk alus sing nduweni sipat ala.

Sur Tanah

Slametan asale saka basa Arab “Salamah”, kang nduweni teges slamet, ayem lan seneng. Slametan akeh jinise, gumantung tujuwane. Slametan identik karo kadadean lairan, kepaten lan musibah. Sajroning Tradhisi Ngrumat Layon, slametan sing wajib dilaksanakake yaiku sur tanah. Sejatine ora mung sur tanah sing wajib ditindakake, ana slametan telung dinan, pitung dinan, patangpuluh dinan, satus dinan, pendhak siji, pendhak loro lan sewu dina. Slametan-slametan kasebut nduweni tujuan sing padha yaiku kanggo njaluk kaslametan. Lumantar slametan apa kang dadi pangajab bisa kawujud. Kabukti saka pethikan wawanrembug ing ngisor iki.

“Slametan diselenggarakake kanggo njaluk kaslametan marang Gusti Pangeran. Apa kang dadi pangajab dikarepake bisa kawujud. Salemten uga dikarepake bisa ngusir roh jahat utawa samubarang ghaib kang asipat ala. (Mbah Modin, 14 November 2014)

Sur tanah asale saka tembung *ngesur tanah*. *Ngesur* nduweni teges nggeser, mindah, mudhun. Ateges saka slametan sur tanah nduweni makna mindah roh saka alam fana tumuju alam baka, masyarakat Jawa asring ngarani kanthi *mapananke layon*. Dilaksanakake sawise mayit dikubur. Dipimpin dening sesepuh desa kanthi nggunakake sesajen tartamtu.

Ubarampe sing digunakake nalika slametan sur tanah yaiku, sega asahan, tumpeng, tumpeng pungkur, lawuhan, sega gurih, ingkung pitik, jenang abang, putih, sengkala, lan sajen. Kabeh ubarampe kasebut nduweni makna tartamtu. masyarakat Jawa kawentar seneng nggambarake samubarang kanthi cara nggunakake ubarampe utawa sesajen tartamtu.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan asiling panliten tumrap Ngrumat Layon ing Desa Tanjung Magetan ana sawarnaning dudutan kang bisa dipethik. Ngrumat Layon yaiku salah sawijine prentah wajib agama Islam. Saperangan gedhe masyarakat Jawa ngenut agama Islam, mula ora mokal yen prentah Ngrumat Layon wis mbalung sunsum ing masyarakat Jawa. Dudu masyarakat Jawa yen ora bisa ngugemi adhat istiadhate. Prentah Ngrumat Layon sing sejatine amung ngedusi, ngafani, nyolati lan ngubur iki banjur manunggal dadi siji karo adhat istiadhat Jawa. Kaya dene nalika ngedusi layon nggunakake maneka warna ubarampe, piranti lan sesajen tartamtu. Babagan kasebut nuduhake yen Ngrumat Layon wis manunggal karo adhat istiadhat Jawa sing nganti seprene isih diugemi dening masyarakat Desa Tanjung.

Pamrayoga

Tradhisi Ngrumat Layon minangka warisan leluhur kang adi luhung. Tradhisi iki minangka tradhisi wajib lan ora bakal punah. Saben wong mesthi ngalami mati lan saben wong mati wajib dirumat. Hukum wajib kasebut dhasar kang paling dhasar saka tetep lestarine

tradhisi iki. Babagan pokok kang perlu ditindakake yaiku, menehi pendidikan marang para mudha supaya luwih dini mangerteni kepriye tatalaku lan makna saka Tradhisi Ngrumat Layon.

Peran aktif masyarakat marang anane Tradhisi Ngrumat Layon iki uga minangka payengkuyung sing paling wigati. Dikarepake masyarakat bisa nduweni peran tumrap tradhisi iki. Ora amung Modin sing mangerteni tatalaku lan maknane, masyarakat awam uga kudu mangerteni. Babagan kasebut njagani yen nalika ana wong mati sing bebarengan bisa langsung dirumat dening masyarakat sakiwa tengen.

KAPUSTAKAN

- Afifuddin. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Pustaka Setia.
- Ahmadi, Abu. 1986. *Antropologi Budhaya*. Surabaya :CV Pelangi
- Arikunto, Suharsini. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesia: Ilmu gosip, dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Greetz, Clifford. 1981. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Utama.
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Ombak
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: HISKI
- Ihromi, T.O 1999. *Pokok-pokok Antropologi Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 1986. *Metode Wawancara dalam Metode-metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: Gramedia
- _____. 1987. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia
- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- _____. 1999. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan
- Kuntjara, Esther. 2006. *Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: graha Ilmu.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Luxemburg, Jan Van. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia & Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Poerwadarminta, W.J.S 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Soedarsono. 1986. *Kesenian, Bahasa, dan Folklor Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Spadley, James P. 1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta. Tiara Wacana.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Surabaya UNESA.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya-Girimukti Pasaka.